# ARAL-SUWSÍZ QALǴAN JER, ÚMITSIZ QALǴAN ÓMIR

*Nietullaeva Feride,*
*QMU Ingilis tili hám ádebiyati 1-kurs studenti*
*Ilimiy basshı:Kurbanbaeva Kamila*
*Ingilis tili ham ádebiyatı kafedrası stajyor-oqıtıwshısı*

**Annotaciya.** Aral-bul joǵalǵan teńiz emes, bul-joǵalǵan múmkinshilik, joq qılıw bolǵan úmit hám keleshek sabagı. Aral teńiziniń qurıwı - bul insaniyattıń ekologiyalıq qáteleriniń óz sáwleleniwin tapqan, toqtawsız dawam etip atırǵan baxıtsızlıq. Bir zamanlar dúnyanıń eń úlken ishki teńizlerinen biri bolǵan Aral, búgin óli shólge aynalǵan. Bul maqala Araldıń ólimi artındaǵı tariyxıy, social hám ekonomikalıq sebeplerdi analiz etip, olardıń búgingi turmısqa tásirin ashıp beredi. Aral teńizi tek bir geologik ózgeris emes, bálki insaniyattıń tábiyatqa bolǵan abaysızlıǵı hám oǵan salıstırǵanda biyparqliǵi menen baylanıslı úlken sabaq bolıp tabıladı. Bul ekologiyalıq daǵdarıstıń sabaqlarınan úyreniw zárúr ekenligin hám keleshekte bunday baxıtsızlıqlardıń aldın alıw ushın biziń háreketlerimizdi kórsetedi. Araldıń qurıwı tekǵana tábiyiy resurslar, bálki insannıń ózine bolǵan juwapkerliginiń sóniwi bolıp tabıladı.

**Tayanısh sózler:** Aral táǵdiri**, s**ocial krizis, Ekologiyalıq itibarsızlıq, insan hám tábiyattıń óz-ara baylanıslılıǵı, Araldiń ekologiyalıq jaǵdayı, quriǵan suwdan qalǵan ızler.

**Kirisiw.** Aral teńizi - insan qátesi artındaǵı suwsız baxıtsızlıq. Aral teńiziniń qurıwı insaniyat tariyxındaǵı eń salmaqli ekologiyalıq páleketlerden biri retinde qaralıp atır. Bir payıtlar jáhándaǵı tórtinshi iri suw háwizi bolǵan Aral teńizi búgin suwsız, qum menen tolǵan shólge aynalǵan. Bul ózgeris - insan iskerligi hám oǵan salıstırǵanda bıyparq jantasıwınıń ashshı nátiyjesi bolıp tabıladı.

Araldiń qurıwı átirap-ortalıqqa saldamlı tásir kórsetti. Suw dérekleriniń joǵalıp ketiwi ekosistemaniń aynıwına, mıńlaǵan ósimlik hám haywanat túrleriniń azayıwına sebep boldı. Qurǵaq boyında jasawshı xalıq salmaqli social hám ekonomikalıq krizisqa dus keldi: balıqshilik joǵaldı, suw mashqalaları kúsheydi, densawliq máseleleri kóbeydi. Bul aymaqtaǵı adamlar turmıs mákánin joǵaltıp, basqa jaylarǵa kóshiwge májbúr boldı.

Ekologiyalıq teń salmaqlılıqtıń aynıwı tek ǵana Aral átirapına emes, bálki keń regionǵa unamsız tásir kórsetdi. Íqlım ózgeriwi, shór shań dúbeleyleri hám jerden paydalı resurslarınıń joǵalıp ketiwi pútkil regiondı ekologiyalıq qáwip astına qoydı. Bul jaǵday insaniyat ushın eskertiwshi signal bolıp xizmet etiwi kerek.

Aral baxıtsızlıǵı bizge tábiyat hám insan arasındaǵı názik baylanıslılıqtı tereń ańlatadı. Barlıq turmıslıq resurslar, ásirese suw, sheksiz emes. Eger insan óziniń hár bir háreketin ekologiyalıq ań menen ámelge asırmasa, bunday baxıtsızlıqlardıń tákirarlanıwı anıq. Aral-bul joǵalǵan teńiz emes, bul-joǵalǵan múmkinshilik, joq qılıw bolǵan úmit hám keleshek sabaǵı.

Usınıń sebepinen, Aral baxıtsızlıǵı tek ótken zaman hádiysesi emes, bálki házirgi hám keleshek áwladlar ushın sabaq bolıp tabıladı. Hár bir insan tábiyatqa salıstırǵanda juwapkerli bolıwǵa, ekologiyalıq turaqlılıqtı saqlawǵa hám óz aymaǵın asırawi kerek. Sebebi hár bir qáte-óziniń baxıtsızlıǵın tuwdıradı, bıraq hár bir sabaq - keleshekke jol ashadı.

Janbas-Qorǵan oazisiniń rawajlanıwı hám wayranshılıq dáwiri Jeytunga qaraǵanda talay keshlew baslanǵan hám mıń jıllar dawamında kóp ret tákirarlanǵan. Suw tasqınlarınıń saqlanıp qalǵan izlerine qaraǵanda, Aral boyında turmıstıń bunday "janip-óshiwshi" tarıyxı tábiyiy sharayattaǵı sezilerli ózgerislerdi sáwlelendiredi.

Suw alıw artıwın (tiykarlanıp suwǵarıwdı rawajlandırıw ushın ) toqtatqan shárayatta jaqın bir neshe jıl dawamında dáryalarda artıqsha suw payda bolıwı kerek. Bul suw sol payıtqa deyin irrigatsiya tarmaqlarına aǵızılatuǵın bolsa, toǵaylardı suw basıp ketiwiniń aldın alıw hám suwǵarıw sistemasında suw aǵıwın basqarıwda artıqsha uwayımlardan qutılıw ushın Arnasoy, Sarıqamis sıyaqlı suw toplanatuǵın jaylarǵa taslanatuǵın edi.

Atap aytqanda, 50-jıllarǵa shekem Aral teńizi háwizinde artıqsha suw toplanatuǵın kól bolmaǵan. Házirgi waqıtta 40 qa jaqın áne sonday kól bolıp, olardıń ulıwma maydanı 5000 kvadrat kilometrdi, suw kólemi bolsa 40 kub kilometrden kóbirekti quraydı. Bul kólge taslanıp atırǵan suwdıń jıllıq kólemi bolsa 7 kub kilometrden artadı, sonnan 4, 5 kub kilometri Sarıqamisqa, 1, 4 kub kilometri Arnasoyǵa aǵadi.

Ziyoviddin Akramov hám Risqitilla Nurınboev tárepinen jazılǵan "Aral máseleleri" mashqalası 1979 jılda "Shıǵıs juldızı" jurnalınıń 7-sanında baspadan shıǵarılǵan bolıp, ol jaǵdayda Aral teńiziniń ekologiyalıq daǵdarısı tereń ilimiy tiykarda analiz etilgen.

Shıǵarmada Aral teńiziniń qurıp barıwı hám buǵan alıp kelgen tiykarǵı sebepler kórsetip ótiledi. Atap aytqanda, Ámudárya hám Sirdárya dáryalarınan suwdiń normadan artıqsha suwǵarıw jumıslarına jóneltiriliwi, suwdıń tábiyiy puwlanıwı hám joǵatılıwı nátiyjesinde teńizge quyılıp atırǵan suw muǵdarı keskin azayǵanın aytadı. Bul jaǵday Aral teńiziniń tómenlewine, shorlanıw dárejesiniń artıwına hám teńizdegi turmıslıq ortalıqtıń izden shıǵıwına alıp kelgen.

Aral baxıtsızlıǵınıń unamsız aqıbetleri de keń kórsetilgen. Teńiz júzesiniń tómenlewi nátiyjesinde júzege kelgen duzlı shól, samallar arqalı tarqalıp atırǵan shor shańlar, awıl xojalıǵı jerleriniń jamanlasuwı, suwǵarıw sistemalarınıń izden shıǵıwı hám xalıq salamatlıǵına bolǵan tásiri haqqında tolıq pikir júrgizilgen.

Avtorlar bul mashqalanı saplastırıw ushın bir neshe sheshimlerdi usınıs etken. Atap aytqanda, suw resurslarınan aqılǵa say paydalanıw, suwǵarıw sistemaların jetilistiriw, qaytarılma hám drenaj suwların Aralǵa qayta báǵdarlaw hám de uzaq múddetli keleshekte Sibir dáryalarınan suw alıp keliw ideyaları ilgeri su'rilgen. Bul shiǵarma óz dáwirinde Aral teńizi mashqalasına ilimiy jantasıwdı qáliplestiriwde zárúrli qádem bolǵan. Ol jaǵdayda kóterilgen máseleler búgingi kúnde de óz aktuallıǵın joǵaltpaǵan.

Teńiz júzesiniń tómenlewi, suwdıń shorlanıwı, jańa shól aymaqlarınıń payda bolıwı regionnıń ekologiyalıq teń salmaqlılıǵın pútkilley ózgertirip jibergen. Ekologiyalıq tárepten bolsa Araldıń qurıwı topıraqtıń erroziyaǵa dus keliwi, hawa hám suwdıń pataslanıwı, ósimlik hám haywanat dúnyasınıń azayıwı sıyaqlı unamsız aqıbetlerge alıp kelgeni belgilengen. Samallar arqalı tarqalıp atırǵan duz hám shańlar tekǵana átirap-ortalıqqa, bálki insan salamatlıǵına da saldamlı zıyan jetkizip atırǵanı aytıladı.

Bul mashqalalardı sheshiw ushın suw resurslarınan aqılǵa say paydalanıw, suwǵarıw sistemasın modernizaciyalaw, qaytarılma suwdı Aralǵa báǵdarlaw, ekologiyalıq teń salmaqlılıqtı qayta tiklew hám xalıqtıń turmıs dárejesin jaqsılaw boyınsha ámeliy usınıslar ilgeri jıljıtılıw kerek.

Juwmaq. Búgingi kúnde Aral teńizi daǵdarısınıń aldın alıw ushın hár birimizdiń sanalı háreketimiz, mámleket ara sheriklik hám ilimiy izertlewler zárúrli áhmiyetke iye. Eger biz bunı ámelge asıra alsaq, Araldıń baxıtsızlıǵınan úyrenilgen sabaqlar bizge keleshekte basqa tábiyiy resursların saqlap qalıw hám tábiyat penen uyqas turmıs keshiriw ushın jol kórsetedi. Aral teńizi daǵdarısı bizge keleshekti qurıw ushın zárúr bolǵan bilim hám múmkinshiliklerdi usınıs etedi - bul múmkinshiliklerdi qádirlew hám odan tuwrı paydalanıw bizlerdiń qolımızda.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1.Aral apatshılıǵı tarıyxı, Geograf Dmitriy Oreshkinniń Aral teńizi hámde Ámiwdárya haqqındaǵı ilimiy jumısı, makarenko.uz/aral story-kr
2.Saidrahmon Mirzayev, Orolni qutqarish mumkin (1988), "Sharq yulduzi" 7-son
3.Ziyoviddin Akramov, Risqitilla Nurinboev, Orol muammolari (1979) "Sharq yulduzi" 7-son
4.Qaynarov J.- Orol dengizi qurishi natijasida vujudga kelgan tabiiy geografik ózgarishlar va ularning ekologik, sotcial va iqtisodiy oqibatlari (2014)
5. Конисов, Г. (2023). The use of prepositions in expressing the syntactic attitude in the sentence. Ренессанс в парадигме новаций образования и технологий в XXI веке, 1(1), 189–190. https://doi.org/10.47689/XXIA-TTIPR-vol1-iss1-pp189-190